

BAB 1 BUBUKA

1.1. Kasang Tukang

Karya Sastra mangrupa hasil kagiatan kréatif manusa nu ngagunakeun basa salaku mediumna. Salian ti éta, karya sastra téh mangrupa hiji sisi (bagian) tina seni anu boga ciri mandiri kayaning sipat artistik, éndah, jujur, asli, tur bebeneran nu salawasna nungtun panganutna kana sifat anu lemes, malahan nganteur kana tujuan pangjugjuga kahirupan manusa anu leuwih wijaksana.

Aya nu nétélakeun yén basa téh mangrupa sistem lambang sora omongan manusa nu digunakeun ku masarakat manusa kalawan sistematis tur konvésional pikeun tujuan komunikasi. Basa téh komunikasi idé atawa rasa anu sistematis anu dipaké minangka tanda, sora, jeung peta konvésional, atawa museur kana harti nu dicangkem. Basa manusa mangrupa simbul tina rasa, pikiran, kahayang, jeung saterusna. Cindekna basa téh mangrupa simbul kahirupan manusa (Sudaryat 1995 : 20-21).

Basa salawasna diwangun ku dua adegan (struktur) nya éta adegan cangkang atawa lahir jeung adegan eusi atawa batin. Adegan cangkangna basa téh mangrupa sistem sora manusa nu dihasilkeun ku pakakas ucapna, sedengkeun adegan basana eusi téh mangrupa eusi nu dipimaksud ku sistem sora téa atawa mangrupa kedalan rasa, pikiran jeung kahayang nu aya dina sistem sora téa waktu campur gaul.

Cindekna, basa nya éta beungkeutan sora manusa anu dihasilkeun ku pakakas ucapna kalawan puguh entep seureuhna (sisitematis) jeung ragem (konvénsional) pikeun tujuan campur gaul (komunikasi) antara anggota masyarakat (Sudaryat 1995: 9).

Wangun atawa sora basa mangrupa bagian tina basa anu bisa katarima ku panca indra, nya éta ku jalan ngadéngékeun atawa ku jalan nempo, sedengkeun eusi atawa harti basa mangrupa bagian tina basa anu nimbulkeun tafsiran dina pikiran nu ngadéngékeun atawa nu maca alatan wangun. Jadi bagéan harti téh ditalungtik ku semantik. Ari nu jadi objék ulikan semantik téh nya éta ngeunaan harti.

Leech (1974: ix) nétélakeun yén semantik atawa ulikan harti téh mangrupa puseur ulikan dina komunikasi basa. Semantik rakét patalina jeung jiwa, pikiran, maksud sarta kahayang masarakat atawa anu maké éta basa. Basa nu dipaké ku masarakat aya nu tinulis jeung nu lisan.

Dina kahirupan sapopoé, biasana antara nu nyarita jeung nu ngadéngékeun kakara lumangsung komunikasi kalawan hadé lamun wawaran nu diébrehkeun téh kaharti. Ku kituna, perlu ayana ulikan ngeunaan harti. Tina éta watesan aya tilu hal nu perlu diténan, nya éta perkara tanda nu mangrupa lambang sora omongan, référéns jeung ma'na. Basa salian ti nu digunakeun sacara lisan dina hirup kumbuh ku masarakat, basa sacara tinulis digunakeun dina wangun sastra.

Sastra téh mangrupa karya seni. Patali jeung éta hal, Rusyana (1984:31) nétélakeun yén :

“sastra mangrupa seni sastra, adalah kegiatan kreatif manusia yang dijemakan dalam medium bahasa. Sastra berada dalam dunia fiksi, fantasi, perasaan, pikiran dan kehendak yang bersatu padu yang diwujudkan dengan bahasa.”

Jadi dina hakékatna mah, sastra téh mibanda sifat *dulce* jeung *utile*, hartina sastra téh méré kani'matan jeung mangpaat atawa méré kagumbiraan jeung kagunaan (Wéllék, 1997). Salah sahiji karya sastra anu méré kani'matan jeung mangpaat, sarta kagumbiraan, nya éta novel. Novel diwangun ku basa anu rélatif hadé basana, boh nu ngandung harti saujuratna boh harti injeuman.

Panalungtikan ngeunaan harti injeuman mangrupa unsur nu kawilang penting, lantaran harti injeuman loba nyumbangkeun ajén kapuitisan atawa ajén-inajén éstétik dina karya sastra. Dipakéna harti injeuman dina novel ditujukeun pikeun ngahirupkeun kesan nu leuwih kuat. Ngaliwatan rupa-rupa harti injeuman, pangarang usaha satékah polah sangkan bisa ngirut haté nu maca kana wangun éstétisna. Pikeun ngungkab hal-hal nu hayang ditepikeun ku pangarang, nu maca kudu mampu nyangkem rupa-rupa harti injeuman nu aya dina éta novel. Sabab, pamahaman kana rupa-rupa harti injeuman milu nangtukeun pamahaman kana sakabeh maksud eusi novel.

Harti injeuman rakét patalina jeung masarakat nu maké basa, pribadina, rasa jeung ajén-inajén nu maké basa sarta kamekaran kecap katut kahayang nu maké basa.

Panalungtikan sastra Sunda nu geus dilakukeun di antarana waé, ulikanana novel *Kembang-Kembang Petingan* Karangan Holisoh M.É. nya éta upamana waé skripsi Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Universitas Pendidikan Indonesia judulna "Unsur-unsur Feminismeu dina Novel *Kembang-Kembang Petingan* Karya Holisoh M.É." (Munisa Ambarina, 2004), skripsi S1 Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Universitas Pendidikan Indonesia judulna "Unsur Intrinsik Novel *Kembang-Kembang Petingan* Karya Holisoh M.É." (Telaah Struktur-Semiotik)" (Diana Rahadianingsih, 2005), sarta "Analisis Strukturalismeu Génétik dina Novel *Kembang-Kembang Petingan* Karya Holisoh M.É." (Cita Priani, 2007).

Dumasar kana hal-hal nu geus diébréhkeun di luhur, panalungtikan nu judulna "Harti Injeuman dina Novel *Kembang-Kembang Petingan* Karangan Holisoh M.É.". Dipilihna éta novel téh lantaran acan aya panalungtikan anu medar ngeunaan harti injeuman nu sampelna tina novel *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.É. Ku kituna, panalungtikan anu judulna **Harti Injeuman dina Novel *Kembang-kembang Petingan*** perlu dilaksanakeun.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Ambahan semantik basa téh ngawengku dua bagian, nya éta semantik léksikal jeung semantik gramatikal (struktural). Harti léksikal

dibagi dua nya éta harti langsung jeung harti teu langsung (injeuman), harti injeuman ngawengku : konotatif, aféktif, réfléktif, kolokatif, stilistik, jeung idiomatik.

Dumasar kana pedaran di luhur, masalah nu baris ditalungtik dina ieu panalungtikan diwatesanan sangkan teu lega teuing jeung sangkan leuwih museur. Pedaran harti injeuman nu aya dina novel *Kembang-kembang Petingan* karya Holisoh M.É. dianalisis dumasar kana warna, jeung cusi/maksudna.

1.2.2. Rumusan Masalah


Sangkan ieu panalungtikan luyu jeung kasang tukang masalah sarta leuwih museur kana masalah anu geus diwatesanan di luhur, masalah ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap:

- 1) Kecap atawa gundukan kecap naon waé anu ngandung harti injeuman dina novel *Kembang-kembang Petingan* karya Holisoh M.É. ?
- 2) Kumaha harti asal dina éta kecap atawa gundukan kecap?
- 3) Kumaha wanda harti injeuman nu kapanggih tina éta novel?
- 4) Kumaha maksud nu dikandung ku kecap atawa gundukan kecap nu ngandung harti injeuman?

1.3. Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan téh nya éta hayang ngadéskrripsikeun :



- 1) Kecap atawa gundukan kecap anu ngandung harti injeuman dina novel *Kembang-kembang Petingan* karya Holisoh M.É.
- 2) Kumaha harti asal dina éta kecap atawa gundukan kecap.
- 3) Kumaha wanda harti injeuman nu kapanggih tina éta novel?
- 4) Kumaha maksud nu dikandung ku kecap atawa gundukan kecap nu ngandung harti injeuman?

1.3.2. Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat nu bisa katarima dina ieu panalungtikan di antarana, nya éta pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan kabasaan, hususna harti injeuman ditilik tina wanda jeung eusi nu dimaksud.

1.4. Tatapakan Tiori

Pikeun analisis data digunakeun sababaraha teori, diantarana baé tiori-tiori tina buku semantik *Ulikan Semantik Sunda* (Sudaryat, 1995), *Pedaran Basa Sunda* (Sudaryat, 1991), *Pengajaran Semantik* (Tarigan, 1995), *Semantik léksikal* (Pateda, 2001).

Tina éta tiori, dicokot konsep-konsep ngeunaan harti, warna harti, wangenan, sipat, katut wanda harti injeuman.

1.5. Anggapan Dasar

Anggapan dasar tina ieu panalungtikan diwincik saperti ieu di handap:

- 1) Ungkara dina karya sastra bisa dianalisis dumasar jumlahna, warnana, jeung papasingan harti.
- 2) Harti injeuman ayana dina ungkara.
- 3) Novel Sunda kaasup karya sastra nu ditepikeun maké basa tinulis.
- 4) Dina karya sastra Sunda bisa kapanggih rupa-rupa kecap atawa ungkara nu ngandung harti injeuman.

1.6. Definisi Operasional

Sangkan teu salah tafsir jeung jadi tatapakan pikeun panalungtikan, aya sababaraha istilah anu kudu dijéntrékeun. Luyu jeung judul ieu panalungtikan, éta istilah-istilah téh saperti ieu di handap:

- 1) *Harti injeuman* nya éta harti nu teu langsung nuduhkeun hal, barang, atawa objék nu dimaksudna, tapi biasana ngandung ajén rasa, kasenangan jeung tafsiran kana barang séjén.
- 2) *Novel* nya éta prosa rekaan nu ngagambarkeun kahirupan sapopoé, nu nyuguhkeun tokoh-tokoh jeung nampilkeun runtuyan kajadian jeung latar sacara nyusun.
- 3) *Kembang-Kembang Petingan* nya éta judul novel karya Holisoh M.É. Harti kembang di dieu nya éta para wanoja pinilih (harti injeuman).

Jadi harti injeuman dina novel téh nya éta pedaran harti nu teu langsung nuduhkeun hal, barang, atawa objék nu dimaksudna tapi biasana ngandung ajén rasa, jeung tafsiran kana barang séjén, anu aya dina carita fiksi nu nyaritakeun kahirupan tokoh kuring (Tita/Enok) nu jadi runtah masarakat ku sabab salakina kawin deui jeung ungluk.

